# Qaraqalpaqstanda hawadan ishimlik suwın alıw jolǵa qoyıldı

Image not found or type unknown

«O'zgidromet»tiń baslaması menen Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay rayonı meteostanciyasına atmosfera hawasınan ishimlik suwın islep shıǵarıw «atmosfera suw generatorı» (Airaqua - 7-ta tazalaw filtrinen ibarat) qurılması tájiriybe (sınaq) túrinde iske túsirildi.

"O'zsuvtaminot" AJniń málimleme xızmeti tárepinen berilgen xabarda, bul qurılma ishimlik suwı jetip barmaǵan hám jetkerip beriw ekonomikalıq jaqtan qımbatqa túsetuǵın aymaqlarǵa maslastırılǵan.

Bul innovaciyalıq texnologiya sınaq túrinde jolǵa qoyıldı hám onnan alınıp atırǵan statistikalıq maǵlıwmatlardan paydalanǵan halda respublikamızdaǵı basqa meteostanciyalarǵa ornatıw rejelestirilmekte.

Atmosfera hawası ıǵallıqlardıń úlken rezervuarı ekenligi esapqa alınsa, atmosfera suw generatorın ornatıw atmosfera suwın islep shıǵarıwshı dúnyadaǵı eń nátiyjeli qurılma desek boladı.

Sonıda ayrıqsha atap ótiw kerek, qurılma distillengen suwdan da tazaraq suw alıw imkaniyatın jaratadı. Qurılma atmosfera hawası ıǵallıǵına hám temperaturaǵa qarap kúnine shama menen 12 litrden 30 litrge shekem ishimlik suwın jetkerip beriw imkaniyatın jaratadı.

Kóp quwatlılıq (1 kVt) talap etpeytuǵınlıǵı, ıqsham, ekologiyalıq taza, paydalanıwda texnikalıq jaqtan insan ómirine qáwipsiz ekenligi onıń qolaylı táreplerinen biri esaplanadı.

Awdarma: QMU Qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti, Málimleme xızmeti qánigeliginiń 1-kurs studenti

Ibraimova Dilfuza